# ТУРИЗМНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА И.В.САВИЦКИЙ АТЫНДАҒЫ КӨРКЕМ ӨНЕР МУЗЕЙИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Бахтиярова Шахина Дәнияр қызы**
**Базарбаева Зулайха Умиджон қызы**
*Әжинияз атындағы НМПИ. Нөкис қаласы ГҳЭБТ 4б курс студентлери*

Илимий басшы: **Отенов Нариман Турдымуратович.**
E-mail otenov.nariman@mail.ru

Қарақалпақ халкы өзиниң миллий мәденияты, әжайып көркем өнери, классикалық әдебияты, үрп әдетлери ҳәм дәстүрлерине ийе. Ғәрезсизлик шарапаты менен Қарақалпақстанда әййемнен киятырған көплеген қәдириятлар тикленип, тарийхый орынларға үлкемиз тәбиятына шет елли адамларды қызығып туристлердиң саны жылдан жылға артпақта**.** Усындай туристлердиң ең көп келип тамашалайтуғын орны бул И.В.Савицкий атындағы Қарақалпақстан мәмлекетлик көркем-өнер музейи болып табылады.

1966-жыл Қарақалпақ мәмлекетлик үлке таныў музейи тийкарында мәмлекетлик көркем-өнер музейи шөлкемлестириўшиси ҳәм оның биринши директоры И.В.Савицкий өзи профессионал художник болыўына қарамастан археология илими менен қатты қызығыўшы инсан еди. Себеби ол XX әсирдиң елиўинши жылларының басында бизиң үлкемизге келиўинде усы археология себепши болған, анығырақ айтқанда профессор С.П.Толстов басшылығында 1937-жылдан берли Қубла Арал бойында ислеп атырған Хорезм археологиялық экпедициясының художниги сыпатында келген. И.В.Савицкий Әмиўдәрьяның төменги жағалаўлары, Арал теңизиниң Қубласындағы әййемги ҳәм орта әсирлердеги естеликлерди биринши көрген күнинен-ақ бул үлкениң тарийхына, тәбиятына ашық болып қалған ҳәм өзиниң қалған өмирин бизиң жеримиз бенен биротала байланыстырған. И.В.Савицкий қолы босаған ўақытта археологиялық естеликлерге барыўға, олардың көринислерин қағазға түсириўге, мүмкиншилиги болса археологиялық қазыў жумысларына қатнасыўға ҳәрекет еткен. Ол топлаған көпшилик естеликлер картиналары бүгинги күни Қарақалпақстанның ҳәм баска қалалардың музей залларын безеп турыпты. Соның менен бирге И.В.Савицкий 1966-жылы көркем-өнер музейин шөлкемлестирген биринши күнлеринен баслап усы музей капталында археологиялық топар топлап үлкемиздиң әййемги ҳәм орта

әсирлердеги естеликлерин изертлеў жумысларын алып барыў менен шуғылланды. Бул исте оған С.П.Толстов басшылығында ислеп атырған Хорезм археолого-этнографиялық экпедиция ағзалары менен Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалы қәнийгелери жақыннан жәрдем берди.

И.В.Савицкийдиң ислеген мийнети Өзбекистан ҳүкимети тәрепинен жоқары баҳаланып 2002 жылда биринши президент И.А.Каримов тәрепинен “Буюк хизматлари учун” ордени менен қайтыс болғанынан кейин сыйлықланды.

Савицкий барқулла музейде тек ғана жергиликли халық емес, бәлким пүткил дүнья искусствоны сүйиўшилер келип көриўин қәлер еди. Бүгинги күни оның усы арзыў әрманы әмелге асты.

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерисиўи менен музейге дүньяның түрли жерлеринен Европа, Америка, Азия, ҒМДА еллеринен, АҚШ, Австралия ҳәм басқада жерлерден туристлер ағымы келип көрмекте. Музей коллекциясындағы ең жақсы дөретпелер Россия, Германия, Франция, Италия, Голландия, АҚШ, Австралия еллеринде көргизбелерде қойылды.

2017-жылы 5-апрельде Өзбекистан Республикасы Президенти Ш.М. Мирзиёев Россия Президенти В.В.Путин менен Москвада ушырасыўда музейдиң Москва қаласындағы «Сокровища Нукуса» атлы шөлкемлестирген көргизбесин барып көрди.

Ҳәзирги ўақытта «Нөкис музейи færdoслары клубы» шөлкемлестирилген ҳәм бул клуб ағзалары турли еллердеги атақлы адамлар есапланады.

Халықаралық пресса өз мақалалары ҳәм көрсетиўлеринде музей ҳаққында айтып өтпекте. Музей YUNESKO менен биргеликте шөлкемлестирген «Хорезмниң Алтын жүзик» саяхат бағдары объектлери қатарына киреди. Өзбекистанның ең көп баратуғын музейлериниң бири сыпатында тән алынған ҳәм 2011 жылда мәмлекетимизде өзине саяхатшыларды актив тартқаны ушын «Саяхатшылар итбарын тартқан музей» дипломы менен сыйлықланды.

Өзиниң шөлкемлескенине алпыс жылдан аслам дәўирди өз ишине қамтыған музей айрықша болып есапланады. Себеби халқымыздың, елимиздиң тарийхын усы музейде әййем заманлардан бүгинги күнге шекемги басып өткен узақ дәўирин көзиңиздиң алдынан өткериўиңизге болады. Археолог алымлардың дала изертлеўлери ўақтын да да тапқан

әжайып табылмалары усы музейге алып келип қойылған ҳәм ол даўам ете береди.

«Саҳрадағы Лувр» деген атқа ийе пайтақтымыздағы И.В.Савицкий атындағы мәмлекетлик көркем өнер музейи ҳәзир өзиниң 90-мыңнан асламырақ бай көргизбелерине ийе. Музейде Россия ҳәм Туркстанның авангард және поставангард көркем өнер үлгилери, Қарақалпақстанның безеў буйымлары, әййемги Хорезмниң археологиялық экспонатлары музейдиң тийкарын қурайды. Қәнигелер менен жәҳән баспа сөзи ўәкиллериниң баҳлаўынша. Бул музейдеги топламлар Азия материгиндеги ең жақсы, ең бийбаҳа коллекциялар саналады. Бул авангард топламлары саны ҳәм көлеми бойынша жәҳәнде Санкт-Петербург қаласындағы Рус авангарды коллекциялары топланға Рус музейинен кейин екинши орында турады.

Жуўмақлап айтқанда музейдиң туризмди раўажландырыўдағы әҳмийетиниң бир мысалы ретинде усы 2024-жылы Италияның Флоренция қаласындағы жылына бир миллион адам баратуғын XVI әсирде тийкар салынған Уффици галереясында, И.В.Савицкий атындағы Мәмлекетлик көркем-өнер музейиниң көргизбесиниң шөлкемлестирип атырғанлығын айтып өтсек болады. 2023-жыл январь айында Уффици галереясы директоры Айке Шмидт ҳәм «Мәдeният ҳәм искусстваны раўажландырыў фонды»ның атқарыўшы директоры Гаянэ Умерова арасындағы шәртнамаға қол қойылды.

**Пайдаланылған дереклер:**

1. Г.Хожаниязов, О. Юсупов, Үлке таныў музейниң тарийхынан //Жас ленинши газетасы, 17-май 1988.
2. 05.04.2017 Официальный веб-сайт Президента Республики Узбекистан
3. «Газета.uz» 2023-жыл 12-январь
4. http://museum.kr.uz/